

LÈP

Gid pou pasyan an ak fanmi an

KISA LÈP LA YE?

Se yon maladi ke mikwòb-basil Hansen la bay ki afekte sitou po a ak nè yo.

SIYAL

Tach blan oswa wouj sou po.

SENTOM

Diminye sansiblite nan chalè, doulè ak touche kote tach yo ye a.



**Si w gen youn nan siy sa yo oswa plis,
ale nan sant sante ki pi pre lakay ou a.**

LÈP

GEN TRETMAN AK GERIZON



1

Fè tretman konplè a epi ale nan randevou konsiltasyon yo.

2

Enfòme pwofesyonèl enfimye nan sant sante kote ou ap fè tretman si remake chanjman ki parèt nan kò w epi, si sa nesesè, retounen anvan dat randevou a.

3

Enfòme kantite moun k ap viv avèk ou, avan menm ou kòmanse tretman, sa diminye risk pou yo gen sekèl



Kontak trè sere ak moun k ap viv avèk ou, bay plis chans pou moun sa yo pran maladi a. Li enpòtan pou yo al wè doktè epi swiv doktè pandan plis ke 5 ane, paske premye sentom maladi a ka pran tan pou yo parèt.

Moun ki pa gen sentom yo bezwen pran yon rapèl vaksen BCG, ki pral ede yo pwoteje yo kont gravite maladi a.



Ki jan ou kab pran maladi a?

Lèp transmèt de moun a moun atravè sekresyon aparèy respiratwa a (nen ak bouch) ak kontak entim pwolonje ak yon pasyan ki pa trete. Maladi a evolye lantman epi, apre kontaminasyon, moun nan pran de 2 a 10 ane pou l kòmanse santi sentòm yo. Majorite moun yo gen rezistans natirèl kont maladi a epi yo pa malad menm si yo gen kontak ak moun ki enfekte.

1

Kòm se yon maladi ki atake po a ak nè yo, ou bezwen fè atansyon a nenpòt chanjman nan nen ou, je ou, bra ou oswa janm ou oubyen a nenpòt chanjman nan kò ou, pou anpeche sekèl.

2

Nè ki afekte a ka fè po ou sèk, chanje sansiblite nan frèt, chalè ak touche e li ka menm afekte mouvman ak fòs misk nan je, bra ak janm yo.

3

Li esansyèl pou w suiv oryantasyon sou kòman pou ou pran swen pròp kò ou pou anpeche andikap epi evite konsekans.

4

Gade video oryantasyon sou kòman pou ou pran swen pòp kò ou, pou fè as a, jis chèche sou entènèt la, tape: hanseníase PMSP.

Chèche enfòmasyon sou maladi a epi ede konbat li pandan ou ap fè konnen siy ak sentom li yo.